

How pou ou Ranpli MEDICARE APLIKASYON pou PWOGGRAM EKONOMI an DOH-4328

Enstriksyon:

Etap 1: Enprime MEDICARE APLIKASYON pou PWOGGRAM EKONOMI an

Etap 2: Ranpli APLIKASYON an

Pa blye reponn tout kesyon yo. Si ou marye epi w ap viv ak mari oswa madanm ou, ou fèt pou ranpli kesyon sou "Tèt Ou" ak kesyon sou "Mari oswa Madanm" ou yo (menm si li p ap aplike pou MSP).

Etap 3: Li tout enfòmasyon ki nan paj #2

Etap 4: Siyen Aplikasyon an epi mete Dat sou li

Si oumenm ak mari/madanm ou ap aplike, nou toulede dwe siyen aplikasyon MSP an.

Etap 5: Rasanble epi mete dokiman verifikasyon ki vini annapre yo (oswa ekivalan yo) avèk aplikasyon w lan:

- Yon **fotokopi** devan ak dèyè **Medicare** kat ou a (kat wouj, kat blan ak kat ble a).
- **Prèv Dat Nesans**, tankou lisans Kondiktè Eta a, U.S. Batistè, U.S. paspò, Kat Rezidan Pèmanan ("Green Card") oswa Kat Idantifikasiyon pou Avantaj Eta New York la.
- **Prèv Rezidans**, tankou kontra lwaye / lèt / resi lwaye ak adrès kay ou nan men mèt kay la, bòdwo sèvis publik (gaz, kouran, telefòn, cable, gaz oswa dlo), dosye taks sou pwopriyete oswa deklarasyon ipotèk, oswa anvlop ki gen tenb sou li (ou p ap ka itilize li si yo te voye li nan yon Bwat Postal). Dokiman sa yo la dwe gen dat sou yo nan 6 mwa ki vini apre lè ou te siyen aplikasyon an.
- **Prèv revni**, tankou souch chèk (4 semenn), yon lèt anplwayè w ba ou, enfòmasyon sou pansyon ki di montan ak frekans peman an, deklarasyon taks sou revni, lèt prim pou nenpòt avantaj revni ki pa soti nan travay tankou Sekirite Sosyal, chomaj oswa avantaj veteran oswa lèt ki soti nan men moun ou lwe kay la, pansyonè oswa lokatè.
- Prèv nenpòt lòt prim asirans sante ou peye ki pa Medicare, tankou yon lèt anplwayè ou ba ou, deklarasyon prim oswa souch chèk yo peye w.
- Si ou **pa** yon U. S. sitwayen ameriken, ou dwe bay yon dokiman ki montre **aktyèl estati imigrasyon** tankou I-551 Kat Rezidan Pèmanan ("Green Card"), I-766 Kat Otorizasyon pou Travay.

Si gen yon mari/madanm k ap aplike, yo dwe bay dokiman ki mansyone anwo yo tou.

Etap 6: Anvan ou voye aplikasyon w lan nan kourye lapòs, rasire w ou reponn tout kesyon yo, siyen epi mete dat sou li, epi mete dokiman w yo. Fè yon kopi aplikasyon ou ranpli a pou dosye ou.

Etap 7: Voye aplikasyon an ak dokiman yo mande yo nan kourye lapòs bay Local Department of Social Services (LDSS) or Human Resource Administration (HRA). Klike la a (*insert as link*) pou ou jwenn adres ki nan Konte w la.
http://www.health.ny.gov/health_care/medicaid/ldss.htm

Etap 8: LDSS la ap voye yon **Avi Aksyon** ba ou nan 45 jou apre ou depoze yon aplikasyon. Avi sa a ap di ou si w ap jwenn MSP avantaj la.

W ap bezwen renouvre (re-sètifye) MSP chak ane. Si ou pa jwenn yon avi nan lèt la pou w retounen sètifye, kontakte biwo Medicaid lokal ou oswa Resouzimèn epi mande kisa ou bezwen fè pou ou rasire ou w ap kontinye jwenn avantaj MSP ou yo lòt ane.

***Si ou bezwen plis èd toujou, ou ka kontakte Liy Asistans Medicaid nan 1-800-541-2831**